

Non \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_

**Remake Detay:**

Li pasaj la. Apre sa li chak kesyon epi make sèk (O) kole ak pi bon repons la.

**Sou Tèt Latè a**

Peary Robert ak Matthew Henson te vle pou yo premye ki rive nan Pol Nò a. Yo te depanse dizuitan ap eksplore Atik la. Sou sèt tente ki te fèt anvan sa, yo toulède pa t rive objektif yo. Yon fwa ankò, nan mwa Avril lan 1909, yo mete deyò pou kapab rive nan Pol Nò a.

Mesye yo te kòmanse vwayaj yo ak kat moun Inuit yo ak 133 chen. Yo te fè wout nò sou glas Aktik la. Nan yon pwèn, yo arive a yon detenn de 100-yad glas ki fen anpil. Tanperati tyèd te lakòz yon frakti nan glas la, ki fè yon nouvo kouch klas te fòme. Peary pa t si glas fen sa a ta kenbe ekip li.

Peary travèse glas la an premye, li mache dousman tipa pa tipa. Finalman, li rive sou glas ki pi solid. Sou anpil tansyon, li gade chen yo ak lòt moun yo fè yon jan pou yo travèse glas la.

Peary ak ekip li pouse pi devan nan tanperati frèt la. Anfen, yo resi andedan 35 kilomèt de Pol Nò a. "Se sa nèt!" Peary di Henson. "Denmen nou ta dwe rive Pol la."

6 Avril, ekip la derape pou yo rive nan Pol Nò a. Henson ale devan gwoup lan pou trase chemen an. Lè Peary ak tout lòt moun yo rive rankontre Henson, yo reyalize Henson te deja rive Pol Nò a. Aprè vwayaj di sa a, Peary pa t kapab pale. "Mwen gen lontan m te ap tann pou ane sa a pou m te ka fè tou sa," li te finalman di. Lè sa a, li pike yon drapo Ameriken nan nèt lan.

1. Ki detay ki di w Peary ak Henson te ansyen eksploratè?
  - O A) Peary ak Henson te vle premye pou rive the Pol Nò a.
  - O B) Peary ak Henson te pase dizuitan ap eksplore Atik la.
  - O C) Peary ak ekip li a pouse devan nan tan frèt la.
  - O D) Yo mete deyò pou yo rive Pol Nò a nan Avril 1909.

Non \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_

2. Ki detay ki pi byen sijere pou rive Pol Nò a te difisil ?
- A) Tanperati tyèd te lakòz glas la kase.
  - B) Peary ak Heson te bezwen anpil chen pou vwayaj la.
  - C) Peary ak Henson pa t gen siksè sèt fwa anvan sa.
  - D) Li kite Henson trase wout la .
3. Ki detay ki sijere Peary pa t egoyis epi te gen kouraj?
- A) Li t ale travèse glas fen an an premye.
  - B) Li te plase drapo a nan nèj la.
  - C) Li pa t kite sa fasil.
  - D) Li kite Henson trase wout la.
4. Ki detay ki dekri yon santiman?
- A) Peary travèse glas fen oseyan an an premye.
  - B) Peary di li te rete tann plizyè ane pou l te pike drapo lan nèj sa a.
  - C) Peary ak Henson fè konbye ane ap eksplòre Atik la.
  - D) Henson te ale devan tout lòt moun yo.
5. Ki detay ki di w Henson ak Peary te pemey pou rive nan Pol Nò a?
- A) Kat msye L nuit vwayaje avèk Peary ak Henson.
  - B) Ekip la te pran 133 chen nan vwayaj la.
  - C) Yo te fè direksyon pou ale lan Nò sou Oseyan Atik la.
  - D) Peary pike Drapo Ameriken an nan nèj la.

Non \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_

**Òganizasyon Tèks/Text Organization**

**Rat ak Chat**

Konpè rat te sanble tout zannimo nan bwa. Chwal, bèf, bourik, milèt, kochon, tòti... Tout te la. Wanga nègès te la tou. Li te vole soti sou yon flè ale sou yon lòt. Tikit at jako t ap asiste reyinyon an sou pyebwa. Zandolit li menm t ap pwomennen toupatou.

“Èske nou konn konte jiska ven?” Se sa rat la mande tout zannimo yo.

“Wi, se yon bagay fasil, tout bèt reponn ansanm, se yon bagay fasil.”

“Ebyen, sila k ap konte jiska ven, anvan m fin fouye twou pou antre ladan l, mèt manje m.”

Tout zannimou yo tanmen konte: en, de, twa, kat, senk, sis...Anvan yo rive nan ven, rat la te deja nan twou a.

Chat la pa t la. Li mande: “Sa k gen la a?” Jako reponn li, etan l sou pyebwa a: “Rat l di konsa, bèt ki gen tan konte jiska ven anvan li fin fouye twou a, mèt manje li.”

Chat la ap gade jwèt la: l ap kalkile, li di: “Rat, èske ou ap asepte sa mwen pral di a?”

Rat reponn li: “Men wi”. Epi tout zannimo ki te temwen, asepte sa li di a. Yo tout reponn: “Wi, nou dakò !”

Rat la ap fouye twou li, chat kòmanse konte, li di: “De fwa nèf, mwen mete de sou li, èske sa pa fè ven?” Li sote sou rat la, li touye l epi li manje l”.

Dapre Tim Tim (Didier-Hatier)

Non \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_

1. Ki tit istwa sa a?

\_\_\_\_\_

2. Ki kote tout zannimo yo te reyini?

\_\_\_\_\_

3. Ki pati nan istwa sa a ki di w ki sa wanga nègès ye?

\_\_\_\_\_

4. Ki operasyon chat la te fè?

\_\_\_\_\_

5. Ki sa ki t ap yon bon tit pou dènye paragraf nan pasaj la?

\_\_\_\_\_

6. Ki kote tikit la ak jako a te ye?

\_\_\_\_\_

7. Ki pati nan pasaj la ki te di sa zannimo yo te genyen pou fè?

\_\_\_\_\_

8. Poukisa otè a ekri istwa sa a?

\_\_\_\_\_

Non \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_

**Part 3**

**Ladrès Ekriti/Writing Skills**

**DIREKSYON: Li lèt biznis anba la. Genyen enpe detay ki mal ekri. Sèvi ak lèt la pou reponn kesyon ki suiv yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.**

**15 BiscaYNE BLVD  
MLAM1.fl 33199  
14 me 1998**

Ofis Jènjan Ayisyèn  
123 riyèl sepwa  
Machebwate, Ayiti

Chè Msye oswa Madam:

Klas 4èm ane, nan lekòl primè Madie Ives, ap etidye istwa peyi d Ayiti. Nou pral aprann tout vil ak kote istorik peyi a.

Sa ta ede nou anpil si ou te kapab voye kèlke ti livrè kat jewografik ak postè pou nou. Si ou kab voye sa yo, sa va fè nou kontan anpil.

Mèsi anpil,

Pòl Lefèt

Non \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_

1. Kilès nan fraz sa yo ki ekri kòrèkteman?  
O A) MIAMI, fl 33199  
O B) l4 me,1998  
O C) 123 riyèl sepwa
2. Kilès nan fraz sa yo ki montre kijan pou ekri non lekòl la?  
O A) Lekòl Elemantè Madie Ives  
O B) lekòl Elemantè madie ives  
O C) Lekòl elemantè madieives

DIREKSYON: Chwazi pwonon pèsònèl pou ranplase mo ki souliye a. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

3. Manno pa pi mal.  
O A) Mwen  
O B) Yo  
O C) Li

DIREKSYON: Chwazi pi bon fason ou kapab divize mo ki soulye a an silab. Nwasi oval ki bò kote p1 bon repons la.

4. Elizabèt  
O A) Eliza.bèt  
O B) Eli.z.a,bèt  
O C) Eliza .b. èt

DIREKSYON: Gade chak fraz sa yo. Yo pa byen ekri, chwazi youn nan repons yo ki montre yo byen ekri. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

5. Elèv rinmin vakans  
O A) elèv rinmeri Vakans.  
O B) Elèv renmen vakans.  
O C) Elév renmin vakans.